

## Egzansyon pou Tès Idantifikasyon Eta New York pou Elèv kap Aprann Angle (New York State Identification Test for English Language Learners (NYSITELL))

Chè Paran oswa Gadyen Legal,

Baze sou repons ou bay nan Kesyonè Lang ou pale lakay ou (Home Language Questionnaire) e entèvyou ak pitit ou a, pitit ou kapab yon Elèv k ap Aprann Angle (English Language Learner, ELL). Pou rezon sa a yo pral evalye nivo konpetans pitit ou a nan lang angle.

Evalyasyon sa a gen ladan yon tès ki rele **Tès Idantifikasyon Eta New York pou Elèv kap Aprann Angle (New York State Identification Test for English Language Learners (NYSITELL))**. Tanpri nou vle w okouran de bagay sa yo:

1. Si pitit ou pa ale lekòl pou ansèyman an-pèsòn, ou ka deside pou li pa pran tès la.
2. Si pitit ou retounen lekòl la pou nenpòt ansèyman an-pèsòn pandan ane eskolè a li dwe pran tès la.
3. Si Gouvènè a fèmen lekòl pandan ane eskolè akòz COVID-19, tès la pa p obligatwa.

Si pitit ou pa p resevwa ansèyman-an-pèsòn e ou pa vle pitit ou pran tès la pandan peryòd sa a, ou ta dwe ranpli fòm ki anba a, siyen l, epi retounen l nan lekòl pitit ou nan adrès yo bay la.

Mèsi.

<b>Non timoun nan:</b>	<b>Dat nesans timoun nan:</b>
<b>Non paran /gadyen legal timoun nan:</b>	<b>Nimewo telefòn lajounen pou paran/gadyen legal:</b>
<b>Adrès postal pou paran/gadyen legal:</b>	<b>Adrès imèl paran/gadyen legal:</b>
<b>Non lekòl kote timoun nan enskri an:</b>	<b>Adrès postal lekòl la, adrès imèl ak kontak (pou lekòl la ranpli seksyon sa a)</b>

**Pitit mwen pa prale lekòl pou ansèyman an-pèsòn pou ane eskolè 2020-21.**

**Mwen pa vle pitit mwen pran tès NYSITELL pou ane eskolè 2020-21 e egzante l pou l pran tès la pandan li pa al lekòl pou ansèyman an-pèsòn.**

*Si nenpòt moman pandan ane eskolè 2020-21 pitit mwen transfere nan yon anviwonman edikasyon an-pèsòn oswa ibrid, mwen konprann pitit mwen dwe pran tès NYSITELL nan lespas 10 jou lekòl.*

*Mwen konprann tou pitit mwen ka resevwa sèvis **Angle kòm Nouvo Lang (English as a New Language)** annakò ak rekòmandasyon ki soti nan idantifikasyon pwovizwa kòm Elèv k ap Aprann Angle dapre Kesyonè Lang ou pale Lakay ak entèvyou endividyèl, toude te kapab fèt deja a distans.*

**Siyati Paran/Gadyen:** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_